



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL EKRI YON LÈT BAY KONPAYI KONPAYON IA YO POU ENFÒME YO KE EGZIJANS SEKIRITE YO AN VIGÈ KOUNYE A

Premye lwa nan peyi a egzije konpayi konpayon IA yo pou aplike karakteristik sekirite epi bay notifikasyon pou entèwonp itilizatè yo k ap itilize sistèm sa yo pandan peryòd pwolonje

Konpayon IA yo kounye a dwe detekte epi aplike pwotokòl sekirite si itilizatè yo ap pale de danje pou pwòp tèt yo epi yo dwe refere yo nan sant kriz yo

Bati sou angajman Gouvènè a pou pwoteje Nouyòkè yo kont domaj dijital epi pouswiv IA pou byen piblik la

[Gade lèt ouvè a pou konpayi yo isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke mezi pwoteksyon ki pi enpòtan nan peyi a pou konpayon IA k ap opere nan Nouyòk yo an vigè kounye a. Lwa a, ki te defann kòm yon pati nan Bidjè Egzekitif Gouvènè a pi bonè ane sa a, egzije pou operatè Konpayon IA aplike karakteristik sekirite epi bay notifikasyon pou entèwonp itilizatè ki ap itilize sistèm sa yo pandan peryòd pwolonje. Kounye a, Konpayon IA yo oblije detekte epi aplike yon pwotokòl sekirite si yon itilizatè eksprime lide swisid oswa danje pou pwòp tèt yo, tankou refere yo nan yon sant kriz. Lalwa a egzije tou pou operatè Konpayon yo avize epi raple itilizatè yo ke yo pa p kominike avèk yon moun chak twa èdtan apre yo fin itilize sèvis la. Lwa konpayon IA a baze sou angajman Gouvènè a pou pwoteje Nouyòkè yo kont domaj dijital epi elaji IA pou byen piblik la. Gade lèt ouvè yo te voye bay konpayi yo [isit la](#).

"Se responsablite lidè yo pou asire ke teknoloji inovan k ap fòme mond nou an pwoteje moun k ap itilize yo tou, sitou jèn nou yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Mwen pa ka tann pou m travay avèk konpayi yo ak patnè mwen yo nan gouvènman eta a pou kontinye asire ke Eta Nouyòk rete yon lidè mondyal nan trase chemen an nan direksyon lavni yon IA responsab."

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Istwa moun ke wobo IA te ankouraje pou yo fè tèt yo mal oswa pou yo touye tèt yo tris anpil. Konpayi IA yo gen responsablite pou pwoteje itilizatè yo epi asire ke pwodwi yo pa manipile oswa fè moun ki itilize konpayon

IA sa yo mal. Okenn konpayi pa ta dwe kapab fè pwofi sou yon konpayon IA ki mete itilizatè li yo an danje. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi desizif pou asire Nouyòk kontinye pran devan nan sekirite IA, epi mwen p ap ezite pou m rann konpayi yo responsab pou domaj ki fèt sou Nouyòkè yo ak pwodui IA ki pa an sekirite yo."

"Konpayon IA yo" fèt pou simile relasyon imen ak itilizatè yo — tankou pran pòz yon zanmi oswa yon patnè amoure ki fèt pa IA. Sistèm sa yo ka sonje detay pèsonèl, adapte pèsonalite yo ak preferans itilizatè yo, epi yo fèt pou kenbe itilizatè yo angaje. Dènye rapò yo montre yon ogmantasyon nan itilizasyon konpayon IA, epi gen kèk ekspè ki avèti ke sistèm sa yo pa an sekirite pou minè oswa popilasyon vilnerab yo. Pou pwoteje Nouyòkè yo kont domaj dijital, kòm yon pati nan Bidjè ki te adopte pou Ane Fiskal 2026 la, Gouvènè Hochul te etabli nouvo pwoteksyon sa yo kòm Atik 47 nan Lwa Jeneral sou Biznis la, ki egzije pou konpayi yo aplike mezi sekirite pou itilizatè yo epi bay itilizatè yo resous pou yo chèche asistans.

Responsablite anba nouvo lwa a

Apati 5 novanm 2025, operatè Konpayon IA yo dwe:

- Aplike pwotokòl sekirite pou entèkansyon nan ka kriz: Konpayon IA yo dwe detekte siy lide swisid oswa danje sou pwòp tèt moun ki itilize yo epi dirije itilizatè yo byen vit bay founisè sèvis kriz yo.
- Entèwonp itilizasyon pwolonje: Notifye itilizatè yo klèman e regilyèman ke y ap kominike avèk yon entelijans atifisyèl, pa avèk yon moun, sa gen ladan notifikasyon aparant nan kòmansman sesyon an ak entèval peryodik chak twa èdtan itilizasyon kontinyèl avèk yon konpayon.

Si ou pa respekte règleman yo, sa ap lakòz penalite, ke Avoka Jeneral Nouyòk la ap aplike, epi nenpòt amann yo kolekte ap ede finansè pwogram prevansyon swisid nan Eta Nouyòk.

Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare, "Mwen vrèman fyè dèske mwen te travay avèk lejislati Eta a ak Gouvènè a pou defann lejislasyon sou AI tankou lwa konpayon sa a. Pandan y ap adopte zouti IA tankou wobo tchat, n ap wè enpak règleman reyaktif la an tan reyèl. Konpayi yo deja ap chanje règleman yo pou pwoteje timoun yo epi kontwole sèten kalite kontni tankou konsèy medikal, legal oswa finansye. Mèsi Gouvènè Hochul pou konsantrasyon li sou fè Nouyòk vin yon lidè responsab nan domèn IA, epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay ansanm pou kontinye vote lwa ki mete byen piblik la an premye plan nan domèn IA."

Manm Asanble Steve Otis te deklare, "Bidjè eta 2025-26 la gen ladan l pwoteksyon ak notifikasyon enpòtan pou itilizatè zouti konpayon IA yo. Responsablite pou fè "efò rezonab pou detekte ak adrese ide swisid oswa ekspresyon danje sou pwòp tèt yo ke yon itilizatè ekspri" ak notifikasyon repete ke itilizatè a ap kominike avèk yon zouti IA, pa yon moun, gen yon enpòtan espesyal. Pwoteksyon sa yo se yon lòt egzanp lidèchip

Gouvènè Hochul ak tou de chanm Lejislati a nan kenbe rit ak teknoloji k ap grandi rapidman tankou entèlijans atifisyèl."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)